



Konje Maladi Peye Pou Koz Ijans **Règleman pou Pèmèt Travayè Fè Fas a COVID-19 la** Emergency Paid Sick Time

Pou asure ke tout travayè ki santi yo malad ou ki ekspoze a COVID-19 ka rete lakay yo pou evite ekspoze lot moun a virus la, **tout travayè dwe gen dwa pou yo pa al travay pou pran swen tèt yo oswa fanmi yo, san yo pa pèdi salè yo bezwen pou okipe tèt yo**

Travayè ki pa touche anpil se premye liy defans nou kont COVID-19 la, men se yo menm kap pote chay pi lou a pannan pandemi a. Sa ki travay nan domenn lasante kouwè lan kay, lopital, nursing home ak mezon rezidans; moun kap netwaye, kap travay lan preparasyon manje; sila kap travay lan gadri ousa pran swen timoun; travayè minisipal lan vil yo, anseyan inivesitè lib/anbulan yo (adjunct faculty), travayè lib/anbulan yo (gig workers), epi lòt travayè esansyèl, ki enpòtan anpil pou sipòte kominote nou yo pandan pandemi an. Epi se fanm, moun ki pa blan, ak imigran ki plus travay nan sèvis esansyèl ke nou site yo.

Sepandan anpil nan travayè esansyèl sa yo nan difikilte ekonomik; yo pa genyen pwoteksyon ekonomik ki fondamantal tankou bon konje maladi. Nan ane 2014, *Raise Up Massachusetts* te mennen kanpay ki kreye Lalwa pou Touche Konje Maladi dapre lè ki Akimile (an angle **Massachusetts' Earned Sick Time Law**); men lwa sa a sèlman garanti 40 èdtan konje peye, ki pa ase ditou nan kriz sante piblik nap viv kounye a. Gouvènman federal la tou ofri plis tan konje maladi peye pou anpil travayè atravè Fanmi Dabò pou Repons a Coronavirus ou angle *Families First Coronavirus Response Act (FFCRA)*; men gen twou nan lwa sa ki kite plizyè milyon travayè esansyèl san konje maladi peye, tèlke travayè nan konpayi ki gen plis pase 500 anplwaye epi anpil anplwaye ki travay nan domenn lasante ak lan mezon rezidans yo. Sant Pou Pwogrè Ozetazini, *Center for American Progress*, estime pwovizyon FFCRA a pa pwoteje omwen 1,8 milyon travayè lan Massachusetts.

Okenn travayè pa oblije chwazi ant al travay malad oubyen pèdi lajan li bezwen pou soutni bezwen li ak bezwen fanmi li. **Leta Massachusetts pap ka ouvri ekonomi an ansekirite si dè dizèn de milye travayè santi yo oblije al travay malgre yo ka malad.**

Pou pwoteje sante piblik kominote nou yo, fòk leta Massachusetts adopte yon lwa Konje Maladi Peye Pou Koz Ijans (Emergency Paid Sick Time), pou garanti dwa tout travayè pou yo touche si yo pran konje maladi pandan kriz corona a.

Konje Maladi Peye Pou koz Ijans

Emergency Paid Sick Time

(H.4700 - Depite Donato / S.2701 - Senatè Lewis)

Lwa Konje Maladi Peye Pou Koz Ijans, *Emergency Paid Sick Time* nap pwopoze a ta bay imedyatman **10 jou travay oswa 80 èdtan anplis pou konje maladi peye**, san travayè yo ou pa pèdi travay pandan epedemi COVID-19 la. Konje Maladi Peye Pou Koz Ijans sa a ta disponib pou anploye pwovizyon federal Fanmi Dabò pou Repons a Coronavirus ou *angle Families First Coronavirus Response Act (FFCRA)* pa pwoteje. Men pwovizyon yo:

- a) **Anplwaye kap travay nan yon konpayi prive ki gen plis pase 500 anplwaye**, e
- b) **Anplwaye kap travay nan sant lasante oswa mezon rezidans** yo ki chwazi pa klase anba pwovizyon FFCRA a

Mèt antrepiz yo ka peye menm salè a jiska \$850 pa semenn a travayè ki pran Konje Maladi Peye Pou Koz Ijans, an *angle Emergency Paid Sick Time*. Leta a va ranbouse patwon sa yo tout kòb salè sa yo.

Konje Maladi Peye Pou Koz Ijans, *Emergency Paid Sick Time* ta disponib imedyatman:

- a) **Pou travayè pran swen tèt yo** si yo gen dyagnostik COVID-19; oswa gen sentòm COVID-19, e l ap tann yon dyagnostik, an karantèn oswa nan izolman, oswa li gen bon rezon pou l panse ke sante li an danje, osinon
- b) **Pou yon travayè pran swen yon manm fanmi li**, tèlke yon mari, madanm, mennaj, oswa lòt moun ki rete nan menm kay la ki gen dyagnostik COVID-19 la, oswa ki gen sentòm ki sanble ak COVID-19 la pandan lap tann yon dyagnostik, an karantèn oswa ann izolman, oswa tou ki gen rezon pou l panse ke sante li an danje.

Ale sou [raiseupma.org/EmergencyPST](https://www.raiseupma.org/EmergencyPST) pou aprann plis e pran aksyon!

Sou « Raise Up Massachusetts »

« *Raise Up Massachusetts* » se regwoupman òganizasyon kominotè, gwoup relijye, ak sendika ki angaje pou bati yon ekonomi ki investi nan fanmi, ki bay tout moun opòtinite pou reyisi, epi ki kreye on richès ki pataje grandman. Depi fòmasyon gwoup nou an 2013, nou goumen pou double salè dè santèn de mil travayè; lèfini tou an de fwa nou reyisi ogmante lalwa sou salè minimum. Nou te reyisi fè eta Massachusetts adopte pi bon lwa nan tout peyi a sou Konje Maladi Peye Pou Koz Ijans, konje medikal pou anploye ak fanmi yo. Nou te mennen kanpay pou Amandman Pataj Ekitab ou Fair Share Amendment pou investisman nan transpò ak edikasyon piblik, epi nou kòmanse bati yon ekonomi ki fonskyone pou tout moun, pa sèlman sila anwo lan grand sosyete. Aprann plis sou <[raiseupma.org](https://www.raiseupma.org)>